



Resous pou paran:

Swen pou dyabèt pou elèv ki nan lekòl leta DOE

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la (New York City Department of Education, NYCDOE) ak Biwo sante lekòl (Office of School Health, OSH) bay elèv DOE ki gen dyabèt swen pou dyabèt.

Paran ki gen kesyon konsènan rezime sa a ka kontakte kowòdonatè 504 lekòl yo a. W ap jwenn detay sou pwosesis akomodasyon DOE 504 la nan:

Akomodasyon 504:

- Gid pou elèv ak fanmi:
<https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/504-accommodations-student-and-family-guide>
- Règleman Chanselye A-710:
<https://www.schools.nyc.gov/docs/default-source/default-document-library/a-710>.

Règleman legal sou dyabèt

Pandan ane lekòl 2022-2023 a, DOE rezoud yon pwosè pou amelyore sèvis pou dyabèt pou elèv ki gen dyabèt tip 1 oswa tip 2 nan lekòl leta DOE. Ala sou <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/diabetes> pou jwenn plis enfòmasyon sou ka a, M.F., et al. v. New York City Department of Education, et al., Civil No. 18-CV-6109. Akò sou aranjman an ap kontinye jiska 15 out 2026.

Enfòmasyon sa a se pou tout elèv ak paran elèv ki gen dyabèt ki bezwen swen ki gen rapò avèk dyabèt nan lekòl DOE. Rezime sa a ak antant règleman sa a pa aplike pou elèv ki nan lekòl charter, lekòl prive, ni pwogram preskolè.

Kòman mwen ka mande swen pou dyabèt pou ptit mwen an pandan li nan lekòl?

Ou dwe voye tout 3 fòm sa yo nan fason sa:

Bay enfimyè lekòl la/pwofesyonèl medikal nan biling lekòl ptit ou a:

1 Fòm pou bay medikaman dyabèt (Diabetes Medication Administration form, DMAF) founisè swen sante ptit ou a ranpli

Bay kowòdonatè plan 504 lekòl ou a:

2 Fòm demand paran pou akomodasyon seksyon 504 ki gen otorizasyon HIPAA ladan (paran elèv la ranpli); ak

3 Fòm demand pou akomodasyon medikal founisè swen sante elèv la ranpli.

Ou ka jwenn tout fòm yo sou sitwèb sèvis sante DOE a (<https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/health-services>) ak sou sitwèb akomodasyon 504 la (<https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/504-accommodations>).

Ou ka mande kowòdonatè 504 lekòl ou a tou pou fòm yo.

Kiyès ki ka ede m?

- Direktè lekòl ak kowòdonatè 504 ki resevwa fòmasyon pou sa la pou ede w. W ap jwenn non, imèl moun sa yo, ak nimewo telefòn lekòl la sou sitwèb Find a School nan:
<https://schoolsearch.schools.nyc/>.
- Enfimyè lekòl la, Direktè sante OSH (<https://auth-infohub.nyced.org/docs/default-source/default-document-library/health-director-contacts.pdf>) ak
- Manadjè pwogram eksyon 504 (212-287-0354, 504Questions@schools.nyc.gov), ka edew tou.



Ki kote m ap ka jwenn plan swen pou dyabèt ptit mwen an?

Plan swen pou dyabèt ptit ou a ap nan **DMAF** ptit ou a ak nan **Plan 504 dyabèt** li a. Se ekip 504 la ki kreye plan 504 dyabèt la, ki gen ladann enfòmasyon sou ptit ou a ke oumenem ak estaf lekòl la konnen.

DMAF: Fòm pou bay medikaman dyabèt la (Diabetes Medication Administration Form, DMAF) se yon fòm preskripsyon medikaman ki gen eksplikasyon sou bezwen medikal ptit ou a an rapò avèk dyabèt, tankou lè pou trete ipoglisemi ak ipèglisemi, kòman pou bay dòz ensilin, ak ki lè pou bay glucagon. Se founisè swen sante ptit ou a ki ranpli li (tankou yon doktè oswa yon enfimyè pratisyen oswa yon asistan doktè), ou siyen li, epi OSH ap revize li. Founisè ptit ou a ap detèmine si ptit ou ap bezwen sipèvizon yon enfimyè (parapwofesyonèl oswa anplwaye lekòl ki resevwa fòmasyon), oswa si li p ap bezwen sipèvizon pou kontwole glikoz nan san ak/oswa pran medikaman (eksepte glucagon). Se sèlman enfimyè lekòl la, paran/moun ki reprezante paran an, ak/oswa elèv la si yo endependan, ki gen pèmisyon pou bay ensilin pandan yo nan lekòl oswa nan pwogram ak aktivite DOE yo.

Plan 504 dyabèt : Ekip 504 yo dwe itilize modèl Plan 504 Dyabèt DOE a ki disponib sou <https://www.schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/staying-healthy/diabetes>.

Yo pral konplete epi apwouye plan an nan fen reyinyon ekip 504 la, lè sa posib, ak revize epi renouvre li avan fen chak ane lekòl, oswa pi souvan si sa nesesè.

Plan 504 dyabèt la bay esplikasyon sou sèvis sante ak akomodasyon pou dyabèt ptit ou a pral resevwa pou l ale lekòl ak nan pwogram ak aktivite DOE san pwoblèm. Pa egzanp:

- Fòmasyon pou estaf lekòl sou swen ki gen rapò avèk dyabèt.
- Siveyans glikoz nan san ak kisa pou fè lè nivo glikoz nan san ba oswa wo (pa egzanp, se yon parapwofesyonèl oswa lòt anplwaye lekòl ki resevwa fòmasyon nan salklas elèv la k ap fè sa).
- Swen dyabèt pandan pwomnad ak lòt aktivite lekòl ke anplwaye lekòl ki resevwa fòmasyon swen pou dyabèt bay.
- Aksè elèv yo nan aparèy pou dyabèt yo ak aksè imedyat nan dlo, manje, oswa twalèt.
- Enfimyè lekòl la oswa elèv la k ap bay ensilin.
- Anplwaye lekòl ki resevwa fòmasyon pou fè sa oswa enfimyè lekòl la k ap bay glucagon nan yon ijans.
- Pèmisyon pou yo kontakte w jan sa dekri nan Plan 504 dyabèt yo.

Si ptit ou a ki gen yon DMAF ap resevwa edikasyon espesyal atravè yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (**Individualized Education Program IEP**), oswa si y ap evalye l pou yon IEP, yo dwe genyen tou yon Plan 504 dyabèt separe anplis IEP a k ap gen ladan akomodasyon yo genyen pou dyabèt la.

Ekip 504: Ekip 504 la se yon ekip moun ki konnen bezwen akademik ptit ou a ak bezwen li genyen pou dyabèt nan lekòl la. Lè yo mande sèvis sante, enfimyè lekòl la, oswa manm OSH (pa egzanp Direktè enfimri borough a, Sipèvizer enfimri an, Ekip manm dyabèt, founisè swen sante) dwe se yon manm Ekip 504 la. Ekip la gen ladann tou oumenem, paran an. Ekip la pral rankontre nan yon reyinyon ki rele reyinyon ekip 504 epi travay ansam pou evalye epi deside sou bezwen timoun lan nan lekòl la, ak kisa lekòl la bezwen bay pou satisfè bezwen sa yo.

Konbyen tan sa pral pran pou ptit mwen an kòmanse resevwa swen pou dyabèt nan lekòl la?

Reyinyon lekòl: Si ptit ou a gentan ap resevwa swen ki gen rapò avèk dyabèt, kowòdonatè 504 la ap kontakte w nan sezon prentan an pou l fè reyinyon konsènan swen ki gen rapò avèk dyabèt pou ane lekòl k ap vini an. Y ap gen pou finalize yon plan 504 dyabèt pou swen ptit ou a ap bezwen ki gen rapò avèk dyabèt nan reyinyon sa a nenpòt lè sa posib, epi avan fen ane lekòl la.

Si se premye fwa ptit ou a bezwen swen ki gen rapò avèk dyabèt, pou pi vit posib, epi pa pita pase **5 jou lekòl** apre ou voye DMAF la, responsab lekòl la ap fè reyinyon avèk ou pou pale sou fason yo pral satisfè bezwen swen pou dyabèt ptit ou a jiskaske yo apwouve yon plan 504 dyabèt pou ptit ou a ka ale lekòl imedyatman. Swen sa yo ka gen ladan:

- fòmasyon estaf yo idantifye sou ipoglisemi ak ipèglisemi, epi asire yon enfimyè ap kapab kontwole glikoz nan san ak bay ensilin; ak
- akomodasyon tankou jwenn aksè nan manje, dlo, ak itilize twalèt pandan jounen lekòl la.

Lekòl la kontakte w nan espas:

5

Jou lekòl

Sèvis parapwofesyonèl: Si ekip 504 la detèmine ptit ou a bezwen yon parapwofesyonèl pou swen pou dyabèt, yo pral idantifye yon parapwofesyonèl san pèdi tan epi nan pifò ka yo nan espas 5 jou lekòl epi jwenn fòmasyon nan 10 jou lekòl.

Yo idantifye parapwofesyonèl nan espas:

5

Jou lekòl

Parapwofesyonèl resevwa fòmasyon nan espas:

10

Jou lekòl

Estaf lekòl ki resevwa fòmasyon: Pandan reyinyon ekip 504 la, yo idantifye estaf lekòl DOE ki responsab ptit ou a - tankou pwofesè salklas la, antrenè, konseye club DOE - pou ale pran fòmasyon. Apre yo fin idantifye yo, y ap gen pou pran: Fòmasyon debaz dyabèt nivo 1 nan **10 jou lekòl**; oswa nivo 1 + glucagon oswa fòmasyon dyabèt nivo 2 (k ap gen ladan fòmasyon anpèsòn) nan **15 jou lekòl**.

Yo bay estaf nivo 1 DOE fòmasyon nan espas:

10

Jou lekòl

Yo bay estaf nivo 2 DOE fòmasyon nan espas:

15

Jou lekòl

Lekòl la kontakte w nan espas:

5

Jou lekòl

Kowòdonatè 504 la ap ekri yon lèt pou kontakte w **nan 5 jou lekòl** apre demann ou an pou pwogramme yon reyinyon ekip 504 ki fèt jeneralman nan espas **15 jou lekòl** apati lè DOE resevwa fòm demann 504 ou ranpli a. Oumenm ak lòt manm Ekip 504 la ki konnen ptit ou a (pa egzanp, pwofesè ptit ou a, ak enfimyè lekòl oswa enfimyè OSH) pral devlope Plan 504 dyabèt ptit ou a nan reyinyon sa a.

Sèvis enfimri: Depi ou te voye DMAF ptit ou a epi li klè ak pare pou yo aplike, yon infimyè estaf lekòl la ka kòmanse bay sèvis swen dyabèt **imedyatman**. Si gen kesyon sou DMAF la, oswa si lekòl ou a gen yon enfimyè tanporè/sou kontra olye se yon enfimyè pèmanan lekòl la, OSH ap revize DMAF la epi, nan pifò ka yo, l ap voye l tounen bay enfimyè lekòl la pa pita pase pwochen jou lekòl la. Pou mande yon mizajou sou estati DMAF ou voye ale a, rele liy telefòn dirèk OSH DMAF la nan 718-786-4933.

Tout enfimyè yo resevwa fòmasyon sou dyabèt, ki gen ladan fòmasyon sou bezwen espesifik ptit ou a - pa egzanp, sou kijan pou kontwole kantite sik nan san li oswa lòt aparèy.

Ekip 504 la reyini nan espas:

15

Jou lekòl

Èske ptit mwen an ap gen pou ale nan biwo enfimyè lekòl la pou tou swen pou dyabèt li yo?

Non. Swen ptit ou resevwa a ta dwe pèmèt elèv la pase plis tan ke posib avèk kamarad klas, yon fason pou limite tan ansèyman l ap rate ak separasyon ak lòt timoun yo.

Ekip 504 la deside ansanm ki swen yo dwe bay pou satisfè bezwen ptit ou a pi byen. Pa egzanp, desizyon sou ki kote ptit ou a ap resevwa ensilin pa li a, epi pa gen okenn règleman ki egzije kote a se sal medikal pou chak elèv.

Yo pa ka refize yon elèv swen akoz mank resous, tankou disponiblite enfimyè lekòl la.

Èske yo bay swen pou dyabèt pandan pwomnad DOE ak aktivite DOE apre lekòl?

Wi. Plan 504 dyabèt ptit ou a eksplike swen yo pral resevwa pandan pwomnad ak aktivite anplis DOE andeyò kourikoulòm debaz la (tankou aktivite aprelekòl, espò, club, ak pwogram ranfòsman). Pa egzanp, sa yo ka gen ladan yon enfimyè (pou elèv ki Depandan Enfimyè) oswa anplwaye lekòl ki resevwa fòmasyon (pou sipèvize oswa elèv endepandan) pou bay swen woutin oswa ijans pou dyabèt.

Estaf lekòl la pa ta dwe mande oswa egzije pou w ale nan pwomnad. Ou menm oswa fanmi/zanmi ou chwazi a **p ap gen obligasyon** pou, men li ka chwazi pou, akonpaye pitit ou a nan pwomnad ni nan nenpòt lòt aktivite lekòl. Si yon enfimyè oswa yon manm estaf lekòl la ki gen fòmasyon pa disponib, epi ou pa patisipe nan promnad la, direktè a dwe ranvwaye pwomnad la lè sa posib, oswa kòm yon dènye rekou anile pwomnad la, jiskaske gen aranjman pou bay elèv la swen.

Pou aktivite DOE apre lekòl, yon enfimyè ap disponib pou bay ensilin, si sa nesesè, nan **10 jou lekòl** apre Ekip 504 la te idantifye pwogram kote elèv la ap bezwen pran ensilin. Y ap idantifye yon parapwofesyonèl oswa yon lòt manm estaf nan **5 jou lekòl** apre detèminasyon an nenpòt lè sa posib, ak pa pita pase **10 jou lekòl** apre detèminasyon an. Estaf ki resevwa fòmasyon ta dwe gen ladan l yon anplaye derezèv si anplwaye ki resevwa fòmasyon prensipal yo pa disponib.

Si pitit ou a ap patisipe nan yon pwogram aprelekòl ki pa pwogram DOE, ou ka kontakte kowòdonatè 504 la siw gen nenpòt dout sou kapasite pwogram lan pou akomode tip dyabèt pitit ou a dapre obligasyon endependan san diskriminasyon yo genyen.

Èske gen akomodasyon transpò disponib?

Yo revize akomodasyon transpò nan reyinyon ekip 504 la lè y ap konplete plan 504 dyabèt la.

Chofè (nenpòt kalite otobis) k ap transpòte yon elèv ki gen yon DMAF ak asistan (otobis espesyalize sèlman) resevwa fòmasyon nivo 1+ Glucagon. Apre fòmasyon an, lekòl la pral bay chofè a ak asistan an yon "gid aksyon rapid" ki idantifye sentòm ipoglisemi ki pa grav jiska modere elèv la genyen, sentòm komen nan ipoglisemi ak ipèglisemi grav, fòm glikagon yo preskri elèv la, ak ki kote yo mete glikagon an, ti goute pou dyabèt, ak dlo paran an bay elèv la (tankou nan pòch devan sak lekòl la) pandan li nan bis la.

Kontakte kowòdonatè 504 ou a pou jwenn plis enfòmasyon. Pou plis detay sou elijiblite mwayen traspò, ale sou

<https://www.schools.nyc.gov/school-life/transportation>

